

Asistans Lajan Kach & Sipò Timoun | Sa Ou Dwe Konnen

Fason Asistans Lajan Kach ak Sipò timoun pou Timoun Makònen


Moun ki aplike pou Asistans Lajan Kach yo ak benefisyè ki gen yon timoun ki minè sou bidjè Asistans Lajan Kach yo a (epi lòt paran an ap viv nan yon lòt kay), dwe pase yon entèvyou ak Biwo Sèvis Sipò timoun NYC a (NYC Office of Child Support Services, OCSS). Nou pral mande ou bannou enfòmasyon konsènan lòt paran an, ke yo rele “paran ki pa gen gad timoun nan”. Sa pral ede OCSS pote dosye a devan Tribinal Familyal pou demontre kiyès ki paran yo epi bay yon lòd sipò timoun si poko gen youn ki egziste deja.

Ou ka resevwa jiska \$200 pa mwa anplis de montan avantaj ou a si lòt paran an fè pèman pou omwen \$200 (\$100 si w genyen sèlman yon timoun). Dapre detay yo nan dosye pa w la, sa ka pran an mwayèn 8 mwa pou pèman yo kòmanse. Lajan anplis yo kolekte nan men lòt paran an nan kad dosye sipò timoun nan pral itilize pou ranbouse avantaj Asistans Lajan Kach ke oumenm ak fanmi w te resevwa a.



Anvan ou ale nan randevou w la, tanpri li ni **“LDSS-4279 Avi sou Responsablite ak Dwa pou Sipò”** ni **“W-280a Enfòmasyon pou tout moun ki ka aplike pou sipò timoun konsènan fason pou yo jwenn sipò timoun san danje”**. Si ou gen nenpòt enkyetid sou sekirite aprè ou fin li dokiman sa yo, tanpri kontakte travayè FIA ou an, ki pral refere ou bay yon Lyezon Vyolans nan Kay HRA. Ansanm ou kapab deside si sipò timoun san danje pou ou ak fanmi ou.

Kopi ak tradiksyon sa a ak tout dokiman yo fè referans ak yo ladann disponib sou <https://on.nyc.gov/custodialparent> oswa itilize kòd QR ki pi ba a.



Konsekans pou Vyolasyon Règleman


Si ou pa kowopere ak pwogram sipò timoun nan, yo ka diminye avantaj ou yo.

- Avantaj Asistans Lajan Kach ou ka diminye de 25% pou pi piti;
- Ou kapab pèdi Medicaid pou ou menm, pa pou timoun nan (yo)
- Ou kapab vin pa kalifye pou kèk pwogram asistans pou lwaye oswa yo ka diminye sipleman lwaye w la;
- Ou pap resevwa jiska \$200 pèman sipò timoun anplis de avantaj Asistans Lajan Kach ou a – epi plis yonfwa dosye Asistans Lajan Kach la fèmen.

Pou w rejwenn tout avantaj ou yo, paran yo ka kowopere nan kad sipò timoun nan nenpòt lè, pandan lè biwo. Kontakte yon Biwo Awondisman OCSS pou w dekouvri fason pou w rejwenn tout avantaj ou yo. Gade sou <https://on.nyc.gov/contactocss> pou adrès biwo yo.

Pwosesis sipò timoun nan


Pwosesis sipò timoun nan kòmanse ak premye entèvyou obligatwa a nan OCSS.



AKÒ

Ou vle diminye kantite tan nan tribinal familyal la epi konnen detay òdonans sipò timoun nan anvan dat randevou nan tribinal la? Li konsènan akò yo sou <https://on.nyc.gov/custodialparent>.

Kopi ak tradiksyon sa a ak tout dokiman yo fè referans ak yo ladann disponib sou <https://on.nyc.gov/custodialparent> oswa itilize kòd QR ki pi ba a.



Kalkil sipò timoun pou timoun

Tribinal familyal la deside konbyen kòb lòt paran an ka peye sou baz revni yo epi konbyen timoun yo genyen ansanm. Montan an baze sou direktiv Eta New York bay epi yo ekri nan yon dokiman legal ki rele òdonans tribinal sipò timoun. Òdonans tribinal la egzije lòt paran an pou l peye yon montan lajan jan yo fè planifikasyon an. OCSS pa deside montan sipò timoun a. Pandan odyans lan, yo ka etabli yon òdonans tou pou patènite/paran, ki nonmen lòt paran an kòm paran ki responsab timoun nan legalman.

Eksplikasyon sou pèman siplemantè

Si gen yon òdonans tribinal pou sipò timoun pandan pitit ou a resevwa Asistans Lajan Kach, pèman sipò timoun nan ap peye bay Depatman Sèvis Sosyal (DSS) pou ranbouse avantaj Asistans Lajan Kach fanmi w te resevwa. Sepandan, si yo kolekte sipò timoun nan, w ap resevwa yon bonis oswa “siplemantè” anplis de pèman Asistans Lajan Kach ou a, ke y ap ajoute sou kat EBT ou a. Pèman siplemantè yo pa konte kòm revni parapò ak pòsyon SNAP la nan dosye a.

- Yon timoun: w ap resevwa premye pèman \$100 yo kolekte pou sipò timoun nan chak mwa.
- De oswa plis timoun: w ap resevwa premye pèman \$200 yo kolekte pou sipò timoun nan chak mwa.



Si lòt paran an ba ou lajan pandan w ap resevwa Asistans Lajan Kach la, ou dwe bay HRA li. Si w kenbe pèman sipò timoun sa yo, yo konsidere sa kòm fwod asistans sosyal.

Aprè dosye Asistans Lajan Kach ou a fèmen

Lè w sispann resevwa Asistans Lajan Kach w ap resevwa dirèkteman tout pèman aktyèl pou sipò timoun nan. W ap kontinye resevwa sèvis pou fè aplike sipò timoun nan gratis.

Kopi ak tradiksyon sa a ak tout dokiman yo fè referans ak yo ladann disponib sou <https://on.nyc.gov/custodialparent> oswa itilize kòd QR ki pi ba a.

